



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETABLISMAN REYISI LIY SEKOU POU SWISID AK KRIZ 988 LA

Eta a te garanti kouvèti konplè pou tout 62 konte yo pou lansman 988 la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse etablisman reyisi 988 nan Eta New York kòm nouvo nimewo twa chif pou rele oswa voye mesaj pou konekte w ak Liy Sekou Nasyonal sou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline, NSPL). Tout 62 konte yo nan Eta New York pral kouvri lansman nouvo Liy Sekou 988 la, ki pral asire ke nenpòt moun ki gen yon kòd postal New York kapab k ap kontakte 988 pral konekte ak youn nan sant kriz 988 New York yo.

"Konekte moun ki nan sitiyasyon kriz sante mantal oswa k ap panse swiside yo ak konseye fòme yo kapab ede yo anpil nan difikilte yo ki sanble enkontwolab, epi Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la bay espwa ak èd pou sila yo ki bezwen li plis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan mete sou pye 988 la, n ap bay moun sa yo, ansanm ak fanmi ak zanmi yo, yon nimewo ki fasil pou yo sonje ki pral ba yo aksè nan sèvis yo bezwen".

"Se responsabilite nou kòm Nouyòkè pou nou bay sila yo ki pami nou ki gen difikilte avèk pwoblèm sante mantal avèk èd yo bezwen, lè yo bezwen li", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Kriz pa sèlman rive pandan lè ouvrab yo, kidonk, mete sou pye yon liy sekou, ki disponib nenpòt lè nan jounen ak lannuit, pral sove lavi".

Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te adopte a te gen ladan 35 milyon dola pou elaji siyifikativman kapasite sant apèl pou kriz 988 la nan tout Eta New York. Finansman sa pral ogmante nan 60 milyon dola sou yon baz konplè chak ane apati ane fiskal 2024. OMH te atribye tou finansman 10 milyon dola yon sèl fwa nan resous Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè siplemantè pou sant apèl pou kriz 988 yo, sa k ap pèmèt yo elaji kapasite ak enfrastrikti yo. Eta New York resevwa tou sibvansyon federal 7.2 milyon dola nan men Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) la pou ede nan deplwaman nouvo Liy Sekou 988 la.

Rele 988 bay yon koneksyon dirèk pou swen byenveyan, aksesib ak sipò pou nenpòt moun ki nan detrès ki gen rapò ak sante mantal oswa toksikomani. Yon fonksyon chat ap disponib tou atravè sit entènèt Liy Sekou a nan (988lifeline.org).

Liy Sekou pou Swisid ak Kriz 988 la pral kapab:

- Konekte moun ki nan sitiasyon kriz sante mantal oswa toksikomani ak yon konseye ki fòm ki ka reponn ak bezwen imedya yo epi ede konekte yo ak swen kontinyèl.
- Redui depans pou swen sante avèk entèvansyon bonè ki pi rantab.
- Redui itilizasyon lapolis, sante piblik ak lòt resous sekirite yo.
- Reponn ak bezwen k ap grandi pou entèvansyon kriz.
- Ede mete fen nan estigmatizasyon anvè sila yo k ap chèche oswa jwenn aksè nan swen pou sante mantal.

Nouvo Liy Sekou 988 la pral ede tou reyalize yon lòt nan objektif Gouvènè Hochul yo - retire obstak nan swen sante ak redui diferans nan aksè, kalite, ak rezilta tretman pou popilasyon istorikman majinalize, ki defavorize ak pa sèvi yo. Sa gen ladan moun koulè, manm kominote LGBTQ yo, adilt ki pi aje, Nouyòkè riral yo, veteran, imigran, moun ki gen andikap ak moun ki gen konpetans limite nan Angle.

Genyen aktyèlman 13 sant kontak pou kriz 988 k ap fonksyone nan Eta New York epi gen de ki nan faz devlopman.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Liy Sekou 988 la pral ranfòse sistèm repons pou kriz New York la lè li konekte moun ki nan sitiasyon yon kriz sante konpòtmantal ak konseye ki fòm ki kapab bay asistans imedya ak aksè nan sèvis yo. Moun yo ka kontakte 988 tou si yo enkyete pou yon moun yo renmen ki ka bezwen sipò pou kriz. Gouvènè Hochul te fè kreyasyon 988 la tounen yon gwo priyorite, epi li te bay resous ki nesès pou lanse avèk siksè Liy Sekou pou Swisid ak Kriz 988 la".

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Devlopman Liy Sekou 988 la pral ede asire disponiblite sèvis kriz esansyèl pou moun ki soufri yon pwoblèm toksikomani oswa yon ijans sante mantal. Inisyativ sa a se yon kolaborasyon enpòtan ant OASAS ak OMH pou ede plis entegre sèvis sante konpòtmantal epi asire yon apwòch global 'pa gen okenn move pòt'. Depi lè mwen vin Komisè, mwen te pran angajman pou m asire aksè ekitab nan sèvis yo, mwen patikilyèman kontan tou ke Liy Sekou a pral ede rive jwenn popilasyon ak kominote ki defavorize yo".

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanmantal la, Kerry Neifeld, te deklare, "Pou moun ki nan kriz, sa gen ladan sila yo ki gen andikap devlopmanmantal yo, jwenn yon moun pou rele ki pral tande difikilte yo ak bay sipò kapab gen yon gwo enpak ak fè diferans nan lavi yo. Liy swisid ak kriz 988 la pral ede diminye enplikasyon inegal

lapolis ke kominote sa souvan viv epi asire yo mete yo an kontak ak yon moun ki ka ede yo reponn ak bezwen yo pandan yon kriz".

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "988 se nouvo 911 pou konpatiyòt Nouyòkè yo k ap fè fas ak kriz sante mantal. Mwen fyè nou te bay finansman federal la pou nou relanse nouvo liy sekou nasyonal sa a epi aplodi Gouvènè Kathy Hochul paske li te etabli li rapidman. Si w gen difikilte oswa ou bezwen èd, konnen ou pa poukont ou: rele 988".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Nan mitan yon kriz sante mantal nasyonal — ki te vin pi mal akòz pandemi COVID la — Kongrè a te pran mezi pou sove lavi nan bay resous ki pral sipòte plizyè milyon Ameriken. Mwen te fyè pou m te vote pou bay 150 milyon dola pou mete sou pye yon Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid nan kad Lwa bipatit sou Kominote ki pi an sekirite yo. Aksyon sa a pral ekipe eta nou an avèk zouti pou ede moun ki nan kriz yo. Mwen rekonesan pou egzeksyon rapid liy sekou sa a ki kòmanse adrese kriz sante mantal la avèk ijans kominote nou yo bezwen ak merite".

Reprezantan Yvette D. Clarke te deklare, "Lè Nouyòkè chak jenerasyon ak orijin diferan pataje pwa enposib difikilte sante mantal yo, sa depann de nou, responsab eli yo, pou nou chèche solisyon ki nesese pou retablisman yo. Gras ak defans Gouvènè Hochul ak angajman san pran souf li pou kenbe timoun nou yo an sekirite, obligasyon sa a ap akonpli jodi a. Liy Sekou 988 la se yon opòtinite bon sans, ki sove lavi pou bay tout kominote eta nou yo swen esansyèl nan moman yo pi bezwen li. Pandan n ap antre nan yon nouvo chapit nan batay New York kont kriz sante mantal nasyon nou an, mwen pa ka tann pou m temwen nenpòt ki aktivite alavni Albany avèk menm misyon nòb la nan tèt nou".

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Fanmi nan kominote nou an ak atravè Eta New York te gen difikilte pou yo konekte ak swen entèvansyon pou kriz sante mantal ki san danje epi ki bon sou plan medikal, epi jan nou tout te wè, rezilta yo te trajik. Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, m ap travay pou transfòme swen sante mantal, epi etablisman reyisi Liy Sekou pou Kriz Sante Mantal ak Toksikomani 988 la se yon pa enkwayab vè lavni. Pou pwemye fwa, ou ka rele, voye tèks oswa diskite ak yon liy sekou ki fasil pou sonje nan yon moman kriz epi pale ak yon moun ki kalifye, ki gen konpasyon ak afime idantite ki pwoteje a risk. Mwen pa ka tann pou m wè Liy Sekou sa a k ap transfòme fason nou panse repons kriz sante mantal nan Eta New York pou tout fanmi yo santi yo alèz pou chèche èd lè sa nesese".

Manm Asanble Aileen Gunther, Prezidan Komite sou Sante Mantal Asanble a, te deklare, "Etablisman liy dirèk 988 New York la pa ta ka rive nan yon pi bon moman. Pandan pandemi an nou te wè fanmi atravè eta a ki gen difikilte avèk pwoblèm ki gen rapò ak sante mantal. Nouvo nimewo sa a pral kreye yon pwosesis senplifye pou bay moun yo èd yo bezwen lè yo plis bezwen li. Mwen fyè dèske m te ko-patwone lejislasyon k ap kreye 988 nan eta sa a, epi mwen espere travay ak kòlèg mwen yo pou asire ke li se yon resous ki fyab pou tout Nouyòkè yo".

Istwa 988

Komisyon Federal Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC) te deziyen 988 kòm nouvo nimewo twa chif pou Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la, epi yo te siyen Lwa Nasyonal pou Deziyasyon Liy Dirèk Swisid la an oktòb 2020, avèk kondisyon pou founisè sèvis telefòn yo fè tranzisyon nan 988 kòm Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid jiska 16 jiyè 2022.

Depi lè sa a, New York ap travay avèk yon gwo kowalisyon divès pati konsène nan kominote a pou planifye etablisman 988 la nan Eta a. Manm kowalisyon nan tout Eta a reprezante popilasyon divèsifye New York epi li gen ladan moun ki gen eksperyans yo viv, defansè, lapolis, reprezantan ajans eta a, kont yo, reprezantan 911, sèvis ijans, ak plis ankò. Tout moun te kontribye ekspètiz yo ak angajman yo pou etabli 988, epi kolaborasyon ak devouman kontinyèl yo nan travay inovatè sa a pral benefisye tout Nouyòkè yo.

Konsènan Liy Sekou a

Se Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) federal la ki te finanse Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la epi Sante Emosyonèl Dinamik (Vibrant Emotional Health) administre li depi lè li te kòmanse an 2005. Li te sèvi kòm yon resous presye, ede plizyè milye moun simonte kriz swisid oswa detrès ki gen rapò ak sante mantal chak jou. Avèk tranzisyon an nan 988, sèvis sa yo ki sove lavi yo pral menm pi fasil pou kontakte.

Plizyè etid yo montre ke Liy Sekou a fonksyone—pi fò moun ki rele yo gen plis chans pou yo santi yo mwens deprime, mwens gen lespri swisid, mwens akable, ak plis espwa apre yo fin pale ak yon konseye kriz Liy Sekou a.

Estatistik sou Volim Apèl 988 New York/Nasyonal

Ant 2005 ak 2020, Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la te resevwa yon total 20,478,698 apèl.

An 2019, NSPL te resevwa 137,481 apèl ki soti nan New York, yon ogmantasyon 73 pousan depi 2016. An 2020, Eta New York te resevwa 142,827 apèl, yon ogmantasyon 13 pousan nan apèn yon ane. Envestisman solid New York ak planifikasyon avanse pral asire yon sant kontak pou kriz 988 lokal reponn apèl ki soti nan New York yo epi ke nou prepare pou ogmantasyon konsiderab nan volim apèl ki prevwa pandan senk ane k ap vini yo.

###